

Kesyon & Repons : Nowoviris (« Viris nan Vant »)

1 KISA NOWOVIRIS YE ?

Nowoviris se yon gwoup viris ki fè moun malad e sèten moun rele li « grip entestinal ». Yo *pa* gen okenn rapò avèk grip la (lagrip). Yon lòt non yo konn bay nowoviris se gastro-anterit.

2 KI SENTÒM KI MANIFESTE ?

Vomisman ak dyare, se yo ki rive pi souvan. Pami lòt sentòm yo ka gen noze, kranp nan vant, lafyè, frison, doulè ak fatig.

3 KILÈ SENTÒM YO PARÈT ?

Sentòm yo kòmanse 1 a 2 jou apre yo pran kontak avèk viris la.

4 KIJAN NOWOVIRIS YO GAYE ?

Nowoviris yo gaye atravè kontak etwat moun genyen avèk moun ki enfekte a. Pa egzanp, nowoviris gaye lè moun chanje kouchèt, lè yo pataje vesò, lè yo manje manje oswa bwè likid ki kontamine avèk viris la, oswa lè yo manyen sifas oswa objè ki enfekte yo epi yo mete men yo nan bouch yo oswa toupre bouch yo.

Viris nan vant yo ka gaye rapidman tou kote gen gwoup moun ki rasanble, tankou nan mezon kote yo okipe moun aje, nan lekòl, nan gadri, ak nan pansyon.

5 PANDAN KONBYEN TAN YON MOUN KI ENFEKTE KA GAYE VIRIS LA ?

Moun ka gaye yon viris nan vant apatide moman yo santi yo malad la jiska omwen 3 jou apre yo santi yo refè.

6 KIJAN YO DYAGNOSTIKE NOWOVIRIS YO ?

Yon pwofesyonèl ki bay swen sante jeneralman fè yon dyagnostik dapre sentòm yo.

7 KI TRETMAN YO ADMINISTRE POU NOWOVIRIS YO ?

Pa gen okenn tretman espesifik pou nowoviris. Antibiyotik *pa fè anyen pou* yo. Doktè w la ka ba w medikaman pou sispann vomisman ak dyare a, men pifò moun refè poukont yo sou 1 a 2 jou.

Si w gen dyare oswa w ap vomi, bwè anpil likid pou pa dezidrate (lè w pèdi twòp likid). Si w panse w ap dezidrate (bouch ou sèch, po w sèch, zye w sèch), al kay doktè oswa al lopital san pèdi tan.

8 ÈSKE YON MOUN KI ENFEKTE TA DWE RETE LAKAY LI ?

Wi. Moun ki malad dwe rete lakay yo jiskaske yo refè konplètman, sitou moun k ap fè manje ak moun k ap travay nan lekòl, nan gadri ak nan domèn swen sante.

9 KIJAN MWEN KA EVITE NOWOVIRIS YO ?

- Lave men w avèk savon ak dlo souvan, sitou apre w fin al nan twalèt oswa apre w fin chanje kouchèt epi anvan w prepare oswa manje manje.
- Raple timoun yo pou yo toujou lave men yo apre yo fin al nan twalèt epi anvan yo manje. Sa enpòtan sitou pandan yo malad la.
- Netwaye vomi ak pou pou san pèdi tan epi netwaye kèlkeswa bagay yo manyen :
 - Dezenfekte sifas yo avèk yon pwodui netwayaj ki touye bakteri (tankou klowòks).
 - Lave rad nan dlo cho ki gen savon.
 - Jete tout twal pou fè mennaj nan sache plastik ki sele.
 - Toujou lave men w apre w fin netwaye.